



Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE SIPÒ POPIÈ KI GENYEN DÈYÈ PWOPOZISYON LI YO POU REDWI PRI ASIRANS OTO YO

Gouvènè Kathy Hochul te revele jodi a sipò eli lokal yo, lidè sendika yo, òganizasyon biznis ak kominotè yo, ak òganizasyon san bi likratif yo dèyè pwopozisyon li yo pou diminye pri asirans oto yo.

Men sa y ap di:

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "MTA a opere plizyè milye veyikil nan lari a, e sa fè nou yon sib fasil pou reklamasyon asirans—menm lè chofè nou yo pa vrèman responsab. Chak dola nou depanse pou peye epi defann reklamasyon sa yo se yon dola ki te ka – e ki te dwe – ale pou bay yon sèvis ki pi souvan e ki pi fyab. Refòm asirans oto entelijan, sible, ak bon sans Gouvènè Hochul yo se egzakteman sa ki nesèsè kounye a, epi pasaje MTA yo rekonesan pou lidèchip li."

Direktè pa Enterim Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare, "Granmoun ki pi gran yo pami chofè ki pi an sekirite yo. Estatistikman, yo enplike nan mwens aksidan konpare ak lòt gwoup laj yo, men anpil ladan yo gen pwoblèm tou ak prim ki wo. Posede machin ak pwoteksyon asirans yo patikilyèman enpòtan pou anpil granmoun aje yo rete endepandan. Mwen felisite Gouvènè a paske li korije anpil faktè ki ka mete endepandans sa a an danje, kòm yon pati nan ajanda abòdablite Gouvènè a."

Sirentandan Pwovizwa Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare, "Gouvènè Hochul pwopoze yon plan solid ak konplè pou fè asirans oto pi abòdab tout pandan y ap kenbe yon mache asirans ki estab e konpetitif. DFS fyè pou l travay avèk ajans atravè gouvènman eta a pou aplike pwopozisyon Gouvènè a epi pou fè Nouyòkè yo fè ekonomi enpòtan."

Pwokirè Distri Konte Queens Melinda Katz, te deklare, "Antanke Pwokirè Distri a pou Konte Queens, mwen wè ak pwòp je m jan krim kote yo planifye fo aksidan machin yo dominan anpil. Biwo mwen an mennen ankèt ak dilijans sou moun ki fè eskro ki òganize aksidan danjere ak sèl objektif pou yo ka pran lajan nan men chofè inosan yo. Ranfòse pwoteksyon kont fwod enpòtan tou pou asire sekirite piblik la epi pou anpeche depans kache yo pase sou chak otomobilis ki respekte lalwa atravè pi gwo pri asirans. Pwopozisyon Gouvènè Kathy Hochul yo pral bay lapolis ak regilatè yo zouti anplis pou

yo sispann abi a epi pwoteje chofè yo tout pandan y ap diminye depans yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li."

Pwokirè Distri Konte Monroe, Brian Green, te deklare, "Kondwi san asirans se pa yon krim san viktim, paske li kreye risk pou tout moun menm odela blesi fizik oswa domaj materyèl, epi li ogmante depans tou pou chak chofè ki respekte lalwa. Plan konplè Gouvènè Hochul la pou konbat aksidan ki te fèt san plan, pou rann move aktè yo responsab, epi pou fèmen twou vid ki koute chè yo pral ede fè asirans oto pi abòdab pou tout moun, sa ki pral fè nou tout gen plis sekirite. Sa a se yon apwòch sekirite piblik entelijan ki pwoteje fanmi yo tout pandan y ap asire responsablite pou moun k ap kondui ilegalman san asirans."

Majistra Vil Newburgh la, Torrance Harvey, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi pou adrese pwoblèm pri asirans oto k ap monte a k ap afekte kominote yo atravè Nouyòk. Nan Vil Newburgh, nou konnen kijan ogmantasyon rapid nan prim asirans yo ka mete presyon sou fanmi k ap travay ki depann de machin yo pou ale travay, lekòl, ak nan randevou medikal. Men sa afekte tou operasyon vil nou an. Nou antreteni plizyè douzèn machin minisipal ki sipòte sekirite piblik, sanitasyon, ak travay piblik, epi lè pri asirans yo monte, se kontribyab yo ki finalman peye depans sa yo. Efò pou konbat fwod, pou rann move aktè yo responsab, epi pou pote plis jistis nan sistèm nan ap ede diminye presyon sa a. Pou vil tankou Newburgh, sa a gen pou wè ak pwoteje bous rezidan yo pandan n ap asire ke nou ka kontinye bay sèvis kominote nou an depann sou yo chak jou."

Majistra Vil Kingston, Steve Noble, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan adrese pwoblèm pri asirans oto k ap monte nan tout Nouyòk. Lè fwod ak reklamasyon ki twòp fè prim yo monte, pa sèlman rezidan yo santi enpak la, men gouvènman lokal la santi li tou. Vil la opere yon gwo kantite machin pou antreteni wout yo, reponn a ijans, epi bay sèvis esansyèl, epi diminye pri asirans sa yo ta pèmèt nou reyenvesti lajan kontribyab yo nan katye nou yo. Efò sa yo pou ogmante responsablite ak amelyore transparans se etap enpòtan nan direksyon kreyasyon yon sistèm ki pi jis ki pwoteje ni rezidan yo ni minisipalite yo."

Joe DeStefano ki soti nan Vil Middletown lan, te deklare, "Mwen wè dirèkteman kijan pri asirans oto k ap monte a afekte non sèlman rezidan nou yo ak ti biznis yo, men tou gouvènman vil nou an. Lè prim yo monte akòz fwod ak twou vid ki genyen nan sistèm nan, se kontribyab yo ki finalman pote chay sa a. Vil Middletown gen yon flòt machin pou bay sèvis esansyèl, soti nan travay piblik rive nan sekirite piblik, epi diminye pri asirans sou machin sa yo ta vle di ekonomi reyèl ki ka ale nan sèvis pou rezidan nou yo. Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo pou konbat aksidan ki fèt sou sèn, ogmante responsablite, epi modènize lwa asirans nou yo se refòm ki gen bon sans ki pral ede diminye depans yo epi pwoteje kontribyab yo."

Majistra Vilaj Rhinebeck la, Onorab Gary Bassett, te deklare, "Antanke Majistra Vilaj Rhinebeck la, mwen konnen rezidan nou yo vle lari ki pi an sekirite ak yon sistèm asirans ki jis ki pa pini chofè ki respekte lalwa yo. Mwen remèsye Kathy Hochul paske li

te avanse refòm ki gen bon sans pou konbat fwod, ogmante transparans, epi rann move aktè yo responsab. Mezi sa yo pral ede diminye depans epi remete lajan tounen nan pòch Nouyòkè k ap travay di yo."

Majistra vVilaj Sleepy Hollow, Marjorie Hsu, te deklare, "Vilaj yo nan Vale Hudson peye kèk nan pi gwo pri nan konte a pou kenbe asirans oto yo. Avèk 92 machin nan flòt nou an, pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou diminye pri asirans oto a pral ekonomize lajan kontribyab yo epi diminye depans pou fanmi k ap travay yo nan Sleepy Hollow. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè a pou kenbe Nouyòk abòdab."

Majistra Vil Ithaca, Robert Cantelmo, te deklare, "Mwen bat bravo pou pwopozisyon refòm asirans Gouvènè Hochul la. Gouvènè a rekonèt ke prim asirans k ap monte rapidman yo se yon lòt fado ankò pou Nouyòkè yo k ap lite pou rive debwouye yo. Lè li atake keksyon fwod la epi li limite domaj pou konpòtman ki pa legal yo, li pèmèt moun k ap debat chak jou yo kenbe lajan nan pòch yo, olye pou l ta gonfle pwofi konpayi asirans yo."

Majistra Vil Peekskill, Vivian McKenzie, te deklare, "Fanmi Peekskill yo ak ti biznis yo ap santi presyon akòz ogmantasyon pri asirans oto yo, epi pwopozisyon Gouvènè Kathy Hochul la pran mezi entelijan ak ekilibre pou pote yon vrè soulajman. Lè l pran mezi sevè kont fwod, lè l modènize règ responsablite ki demode yo, epi lè l ogmante transparans konsènan ogmantasyon tarif yo, plan sa a abòde kòz fondamantal ki fè prim yo monte pou chofè responsab yo. Refòm sa yo ki gen bon sans pral fè sistèm nou an pi jis, diminye abi, epi ede remete lajan nan pòch Nouyòkè ki respekte règ yo."

Majistra Vil White Plains, Justin Brasch, te deklare, "Prim asirans oto yo twò wo pou fanmi nan White Plains yo. Nou pa ka kontinye pase pri twòp litij ak fwod sou chofè responsab yo. Refòm Gouvènè Hochul yo adopte yon apwòch konplè lè yo ranfòse ankèt sou aksidan ki fèt sou sèn nan, mete ajou estanda responsablite yo pou reflete jistis ak responsablite, epi pote plis transparans nan ogmantasyon tarif yo. Menm jan li enpòtan, lè nou mande regilatè yo pou asire ke pwofi anplis yo retounen bay moun ki gen asirans yo, sa montre akèlè ke ekonomi yo ta dwe ale dirèkteman nan men konsomatè yo. Pwopozisyon sa a pral diminye prim asirans pou fanmi ki travay di ak granmoun aje yo, konbat fwod ak litij ki twòp, tout pandan l ap retabli balans nan sistèm nan."

Majistra Vilaj Tarrytown lan, Karen Brown te deklare, "Tarif asirans oto ki wo yo te yon pwoblèm pou Nouyòk depi tout tan mwen ka sonje e se yon vrè fado pou anpil Nouyòkè. Mwen vle remèsye Kathy Hochul paske li te avanse pwopozisyon sa a, ki ka ofri yon soulajman enpòtan nan yon moman kote anpil fanmi ap lite. Pwojè lwa sa a gen pou objèktif pou adrese fwod ki fè pri yo monte tout pandan l ap pwoteje dwa viktim aksidan lejitim yo pou mande domaj."

Majistra Haverstraw, Michael Kohut te deklare, "Asirans oto ta dwe rekonpanse chofè responsab yo, pa pini yo. Mwen sipòte pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou ranfòse estanda pou blesi grav yo, amelyore aplikasyon lalwa kont fwòd, epi asire

konsomatè yo jwenn ranbousman lè pwofi konpayi asirans yo depase nivo rezonab yo. Refòm sibler sa yo pral ede diminye depans epi retabli jistis pou fanmi yo nan Haverstraw."

Sipèvizè Vil Allegany, Chris McPherson, te deklare, "Diminye prim asirans oto yo se yon kesyon abòdablite ak jistis. Mwen ankouraje pou m wè pwopozisyon Gouvènè a ki adrese fwod epi rekonpanse chofè ki pridan yo, epi mwen ap tann ak enpasyans refòm ki ede rezidan Nouyòk yo kenbe plis lajan nan pòch yo."

Sipèvizè Vil Bedford, Ellen Calves, te deklare, "Rezidan Bedford yo atann yon sistèm asirans ki jis, transparan, epi ki konsantre sou pwoteksyon chofè ki respekte lalwa yo. Mwen sipòte pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou ranfòse aplikasyon lwa anti-fwod, pote plis klarifikasyon sou estanda responsablite yo, epi egzijè konpayi asirans yo pou eksplike ogmantasyon tarif yo aklè. Lè plan sa a asosye responsablite ak pwoteksyon konsomatè ki pi solid, tankou retounen pwofi anplis bay moun ki gen asirans yo, li ede asire ke ekonomi yo rive jwenn fanmi ki pi bezwen yo."

Sipèvizè Vil Babylon lan, Rich Schaffer, te deklare, "Nan Long Island, kote fanmi yo deja ap fè fas ak yon pri lavi ki wo, ogmantasyon prim asirans machin ki koze pa aksidan ki fèt ak fwod sèlman ajoute nan presyon finansye a. Eskwokri sa yo ogmante depans pou chofè responsab ki respekte règleman yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan lit kont fwod asirans ak nan batay pou remete lajan reyèl nan pòch rezidan Long Island yo."

Sipèvizè Vil Greenburgh Paul Feiner te deklare, "Rezidan Greenburgh yo merite yon sistèm asirans oto ki jis, transparan, epi ki konsantre sou pwoteje chofè responsab yo", Sipèvizè Vil Greenburgh, Paul Feiner, te deklare. "Mwen sipòte pwopozisyon konplè Gouvènè Kathy Hochul la pou konbat fwod, ranfòse aplikasyon lalwa kont aksidan prepare ak reklamasyon abizif, epi mete ajou règ responsablite yo ki twò souvan alimante twòp litij. Lè plan sa a asire ke chak moun responsab pou pòsyon jis pa yo, lè li ogmante transparans sou ogmantasyon tarif yo, epi lè li bay regilatè yo lòd pou yo remèt pwofi anplis bay moun ki gen asirans yo, li bay pwoteksyon enpòtan pou konsomatè yo. Refòm sa yo pral ede diminye depans pou fanmi ki travay di nan Greenburgh tout pandan y ap prezève responsablite ak entegrite nan sistèm asirans nou an."

Prezidan Konsèy Minisipal Vil Nouyòk la, Julie Menin, te deklare, "Nouyòkè yo merite asirans oto abòdab epi yo merite repons klè lè prim yo monte. Mwen remèsye Gouvènè a pou pwopozisyon li yo ki pral ede konbat fwod ak abi pandan y ap ogmante transparans pou konsomatè yo konprann sa y ap peye a ak poukisa. Konsèy Minisipal nou an angaje l pou l sipòte aksyon sa yo ki pral ogmante transparans epi asire sistèm nan fonksyone pou Nouyòkè yo, pa pou move moun yo."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Kamillah Hanks, te deklare, "Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo pran mezi enpòtan pou fè asirans oto pi abòdab pou Nouyòkè yo, sitou pou fanmi k ap travay nan Staten Island ak nan tout Vil Nouyòk. Lè yo konbat fwod epi

fèmen twou vid ki genyen nan lwa, mezi sa yo ede asire ke chofè onèt yo pa oblije absòbe depans ki koze pa move aktè yo ankò. Sa a se yon apwòch pratik e nesèsè ki mete Nouyòkè yo an premye epi ki pèmèt nou vin pi pre yon vrè abòdablite."

Manm Konsil Vil Nouyòk, Selvena N. Brooks-Powers, te deklare, "Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo se yon etap enpòtan nan direksyon pou diminye depans asirans pou Nouyòkè ki deja ap lite pou peye bòdwo yo. Ogmantasyon transparans nan asirans oto enpòtan pou asire yon mache jis ak ekitab pou chofè yo atravè eta a epi li baze sou rediksyon pri asirans mwen te avanse antanke Prezidan Komite sou Transpò ak Enfrastrikti pou pwoteje chofè ki nan machin lokasyon yo. Mwen pa ka tann pou m wè pwoteksyon sa yo antre an vigè pou ede pwoteje chèk peman Nouyòkè k ap travay di yo kont depans asirans oto ki pa jistifye."

Manm Konsèy Minisipal Vil Nouyòk Elsie Encarnacion te deklare, "Avèk reyalite pri k ap kraze pòch pèp la, li vin pi enpòtan pase sa te janm ye anvan pou nou pran gwo mezi pou redui presyon finansye ki sou do Nouyòkè ki vle kondwi oswa ki oblije kondwi yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li pwopoze refòm saj sa yo pou bese pri asirans machin, epi mwen anvi kolabore ak gouvènè a sou efò alavni yo pou fè tout fòm transpò piblik yo pi abòdab e aksesib pou Nouyòkè yo nan tout nivo revni."

Prezidan Konsèy Vil Rochester a, Miguel A. Melendéz Jr., te deklare, "Nouyòkè yo ap peye an mwayèn plis pase 4,000 dola pa ane pou asirans oto, yon pri ki twò wo pou fanmi k ap travay ki deja nan gwo difikilte. Fwòd, aksidan ki planifye, ak twou vid ki genyen nan lalwa ap fè prim yo monte, epi li lè pou nou mete yon fen nan sa. Gouvènè Hochul ap pran mezi solid ak lojik pou konbat abi, fèmen twou vid ki koute chè, epi ogmante transparans pou chofè yo ka fè ekonomi reyèl. Mwen sipòte fòtman efò sa yo pou diminye depans, pwoteje konsomatè yo, epi finalman pote soulajman pou vwazen m yo."

Konseye Minisipal Vil Rochester, Mitch Gruber, te deklare, "Mwen sipòte ajanda abòdablite Gouvènè Hochul la epi mwen bat bravo pou pwopozisyon li yo pou adrese pwoblèm pri lavi a. Nouyòkè yo peye yon montan ki eksepsyonèlman wo pou sèvis tankou asirans machin, epi nou ta dwe fè tout sa nou kapab pou diminye depans sa yo."

Prezidan minisipalite Manhattan, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Pyeton, siklis, ak chofè responsab Manhattan yo merite lari ki pi an sekirite e ki pi jis. Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo rekonèt avèk rezon ke chofè ki vyole lwa pa ta dwe resevwa gwo peman ki finalman ogmante depans pou tout lòt moun. Pandan tan mwen nan Sena Eta a, mwen te sipòte mezi pou ranfòse responsablite epi pwoteje Nouyòkè yo kont kondwit danjere ak abi asirans, epi mwen felisite Gouvènè a pou avanse refòm ki bay priorite a sekirite lari, jistis ak abòdablite."

Lidè Minorite Lejislati Konte Suffolk la, Jason A. Richberg, te deklare, "Toupatou, Nouyòkè yo ap pran kou kote ki fè yo pi mal la — nan bous yo — epi li esansyèl pou nou fè tout sa ki nan pouvwa nou pou nou soulaje chay sa a. Nan Long Island, fanmi yo depann sou machin yo pou ale travay, lekòl, ak nan randevou medikal, epi yo pa ta dwe

pini ak prim asirans ki pami pi wo nan peyi a akòz fwod ak abi nan sistèm nan. Konsantrasyon Gouvènè Hochul sou pran mezi sevè kont aksidan prepare epi fèmen twou vid ki koute chè yo pral ede diminye prim sa yo epi gen yon enpak siyifikatif sou bidjè mansyèl fanmi k ap travay yo. Sa a se sou abòdablite, jistis, epi mete bezwen rezidan k ap travay di yo anvan konpayi asirans yo."

Lejislatè Konte Suffolk la, Tom Donnelly, te deklare, "Toupatou nan Konte Suffolk ak nan Eta Nouyòk, depans yo deja wo epi moun yo ap oblije chèche kijan yo pral kapab peye bòdwo sèvis piblik, manje, swen sante ak lòt nesosite yo. Peye kèk nan prim asirans machin ki pi wo nan peyi a fè li vin pi difisil e pi rès toujou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te ouvri chemen an nan chèche kijan pou kontwole ogmantasyon pri asirans oto pou rezidan nou yo ki travay di ka kontinye peye epi rete isit la."

Sipèvizè Vil Allegany, Chris McPherson, te deklare, "Diminye prim asirans oto yo se yon kesyon abòdablite ak jistis. Mwen ankouraje pou m wè pwopozisyon Gouvènè a ki adrese fwod epi rekonpanse chofè ki pridan yo, epi mwen ap tann ak enpasyans refòm ki ede rezidan Nouyòk yo kenbe plis lajan nan pòch yo."

Pezidan Pwofesè Reyini Eta Nouyòk la (New York State United Teachers, NYSUT), Melinda Person, te deklare, "Nan NYSUT, abòdablite se pa yon slogan; se yon bagay manm nou yo ap fè fas nan kominote yo ak nan pwòp bòdwo mansyèl yo. Lè fanmi yo nan difikilte, tout moun santi sa. Pou moun k ap travay ki konte sou machin yo pou ale travay epi pran swen fanmi yo, pri asirans k ap monte rapidman an se yon lòt presyon pou bidjè ki deja sere yo. Politik piblik yo ta dwe pwoteje fanmi k ap travay yo, pa pwofi yo peye. Diminye depans epi asire jistis ranfòse kominote yo epi kreye estabilite. Nan Nouyòk, fanmi yo pa ta dwe jis debouye yo; yo merite chans pou yo pwospere."

Prezidan United University Professions (UUP), Fred Kowal, te deklare, "Pri asirans machin nan eta Nouyòk yo pami sa ki pi wo nan peyi a epi yo kontinye ap monte, sa ki fè fanmi k ap travay yo plis mal epi ki deja ap depanse plis nan manje, lojman ak yon pakèt atik ki afekte pa tarif Trump yo. Nou sipòte plan dirèk e rasyonèl Gouvènè a pou refòme lwa demode yo ki pèmèt fwod asirans oto epi ki ouvri pòt pou avoka ki twò agresif yo pou yo genyen gwo prim pou chofè irresponsab oswa moun ki lakòz aksidan tout espere. Gouvènè a gen rezon ak plan li a, ki, si li antre an vigè, pral rezoud pwoblèm sa a ki la depi lontan epi bay yon soulajman finansye ki byenveni pou Nouyòkè ki respekte lalwa epi ki travay di yo."

Prezidan Asosyasyon Benevòl Lapolis Vil Nouyòk, Patrick Hendry, te deklare, "Manm nou yo pa sèlman kenbe Nouyòkè yo an sekirite sou wout la. Nou fè fas ak menm gwo depans pou kondwi tankou tout lòt Nouyòkè, ki gen ladan prim asirans ki wo. Nou bat bravo pou efò Gouvènè a pou diminye depans sa yo epi fè Nouyòk abòdab pou fanmi klas travayè yo tankou pa nou an."

Prezidan Asosyasyon Byenfzans Lapolis Konte Monroe a, Richard Tantalo, te deklare, "Mwen sipòte ak tout kè m apwòch konplè Gouvènè Hochul la pou adrese

ogmantasyon pri asirans oto nan Eta Nouyòk. Lè yo vize reklamasyon fwod yo epi asire ke konsomatè yo, pa konpayi asirans yo, gen priorite, pwopozisyon sa yo pral bay soulajman yo bezwen anpil pou Nouyòkè k ap travay di yo. Angajman Gouvènè a pou konbat fwod epi limite peman pou move moun yo se yon etap enpòtan pou fè asirans oto pi abòdab pou tout moun. Nou felisite efò li fè pou pwoteje sitwayen ki respekte lalwa yo epi asire ke sistèm asirans nou an jis e transparan."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral The Business Council of New York State Inc., Heather Mulligan, te deklare, "Konsèy Biznis la kontan wè nan Pwopozisyon Bidjè Eta Gouvènè Hochul la yon pake refòm asirans enpòtan pou adrese prensipal kòz prim ki wo yo, tankou fwod asirans, twòp litij, estanda legal demode ak vid nan aplikasyon règleman yo. Refòm sa yo pral sipòte wout ki pi an sekirite, règ ki pi jis, ak asirans oto ki pi abòdab pou fanmi ak anplwayè yo nan Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Jeneral Vil Nouyòk la, Steven Fulop, te deklare, "Prim asirans machin nan Nouyòk, an mwayèn, 52 pousan pi chè pase nan rès peyi a. Se egzakteman rezon ki fè refòm Gouvènè a reprezante yon gwo viktwa pou fanmi ak biznis Vil Nouyòk yo, paske y ap finalman konbat fwod òganize ak twou vid ki genyen nan lalwa ki te mete yon chay enjis sou chofè onèt yo pandan twò lontan. Lè plan an konbine yon represyon agresif sou aksidan ki fèt sou sèn ak chanjman ki lojik nan responsablite konjwen ak plizyè moun ak limit "blesi grav" la, li vize faktè fondamantal ki fè prim yo monte an flèche atravè Empire State la. Apwòch solid sa a pral diminye depans yo nan senk awondisman yo epi remete lajan reyèl nan pòch chak Nouyòkè."

Direktè Federasyon Nasyonal Biznis Endepandan (National Federation of Independent Business, NFIB) nan Eta Nouyòk, Ashley Ranslow, te deklare, "NFIB felisite Gouvènè Kathy Hochul paske li te konbat kriz abòdablite asirans oto ki afekte tout Nouyòkè yo, san bliye pwopriyete ti biznis yo. Ti biznis yo souvan site pri prim asirans yo ki wo kòm yon gwo pwoblèm epi y ap chèche soulajman atravè rediksyon prim. Pwopozisyon Gouvènè a pou konbat fwod epi limite litij ki pa nesèsè e ki koute chè yo enpòtan anpil nan efò pou diminye prim asirans oto pou Main Street la. Pa gen dout, fwod ak pwosè ki pa anba kontwòl ap ogmante prim asirans pou ti biznis yo ak konsomatè yo. Yo te akeyi refòm sa yo ki fè sans ke lòt eta yo adote isit la nan Nouyòk."

Prezidan Konferans Devlopman Ekonomik NAACP Eta Nouyòk la, Garry Johnson, te deklare, "Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo pou refòm mache asirans oto nan Nouyòk la se yon entèvansyon nesèsè ke Nouyòkè yo atravè Eta a pral benefisye de li. Lè Gouvènè a pran mezi sevè kont fwod ki depi lontan ogmante pri prim yo, li ap adrese kòz fondamantal kriz abòdablite nan eta nou an. Sa yo se refòm ki gen bon sans epi yon pa nan bon direksyon an pou tout moun. Konferans NAACP Eta Nouyòk la fyè pou sipòte pwopozisyon sa yo."

Prezidan Komite Lejislatif Eta Nouyòk AAA a, John Corlett, "Nouyòkè yo peye kèk nan pi gwo pri asirans oto nan peyi a. Fwòd poukont li gonfle prim yo jiska 300 dola pa ane. Plan konplè Gouvènè a pral bay konsomatè yo yon soulajman finansye yo bezwen anpil."

Andrew Rein, Prezidan Komisyon Bidjè Sitwayen yo, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul paske li pwopoze refòm asirans oto ki gen bon sans, ki ta ka diminye prim ki wo anpil ke rezidan ak biznis Nouyòk yo peye. Refòm sa yo ta dwe mete Nouyòk sou menm liy ak lòt eta yo epi ekonomize lajan pou Nouyòkè yo san yo pa ajoute depans pou eta a. Se yon chwa entelijan."

Prezidan & PDG Tech:NYC la, Julie Samuels, te deklare, "Tech:NYC sipòte pwopozisyon gouvènè a pou diminye pri asirans oto a. Nou tout vle lari ki pi an sekirite epi jistis pou viktim aksidan yo. Men, nou pa ka inyore tou pri asirans yo k ap fè kou lavi nan Nouyòk monte. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la retabli balans lan — pwoteje reklamasyon lejitim yo tout pandan l ap adrese faktè ki fè pri yo pami sa ki pi wo nan peyi a. Abòdablite ak jistis dwe mache men nan men."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Brooklyn (Brooklyn Chamber of Commerce) lan, Randy Peers, te deklare, "Pri asirans yo ki ogmante akòz fwod ak abi san kontwòl kontribye nan kriz abòdablite jeneral la pou biznis yo ak rezidan yo nan Eta Nouyòk. Chanm Komès Brooklyn nan bat bravo pou apwòch konplè Gouvènè Hochul la pou abòde pwoblèm grav sa a ki afekte kapasite Eta Nouyòk pou kenbe konpayi ak travayè yo, epi ki anpeche kwasans ekonomik la."

Vis Prezidan Chanm Komès Brooklyn nan, Gil Cygler, te deklare "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te atire atansyon sou fwòd asirans ki te yon tiyè an silans pou konsomatè yo nan ogmantasyon pri non sèlman pou machin yo, men tou pri Uber, livrezon ak lokasyon machin yo. Mwen te oblije kite biznis lokasyon machin nan ki te anplwaye 100 Nouyòkè akòz disponiblite asirans limite pou konpayi lokasyon machin lokal yo akòz fwod ki gaye nan endistri san fot la. Refòme pwosedi san fot yo ak ajisteman ki fèt ak bon sans ka ekonomize Nouyòkè yo plizyè milye dola. Felisitasyon Gouvènè Hochul pou atansyon ou sou refòm asirans oto a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Bronx la, Lisa Sorin, te deklare, "Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo rekonèt ke abòdablite asirans oto se yon pwoblèm konsomatè ak yon pwoblèm biznis alafwa, epi ke yo de a lye pwofondman. Lè fwod, abi, ak litij ki pa nesesè ogmante depans, sa mete yon chay sou fanmi yo ak biznis yo san distenksyon. Lè yo pran mezi sevè kont move moun yo epi asire ke ekonomi yo retounen bay moun ki gen asirans yo, refòm sa yo ka kreye yon efè domino ki ranfòse biznis yo, estabilize pri yo, epi diminye presyon sou travayè Nouyòkè yo. Nan yon moman kote pwoblèm abòdablite ap mete presyon sou kay yo ak biznis ki alimente ekonomi eta nou an, pwopozisyon sa yo reprezante yon pa pratik e nesesè pou pi devan. Chanm Komès Bronx la kanpe avèk Gouvènè Hochul pou avanse epi aplike chanjman enpòtan sa yo."

Pwopriyetè Best Way Auto Collision of Deer Park, Inc., Ibrahim Duman, te deklare, "Lè w ap dirije yon atelye reparasyon machin nan Long Island, ou wè jan moun travay di epi jan sa fwistre lè pri asirans yo kontinye ap monte. Anpil nan sa soti nan reklamasyon ki gen fwod. Sa vle di prim ki pi wo pou kliyan ki pa fè anyen ki mal. Mwen apresye

Gouvènè Hochul ki vini isit la epi ki pran pwoblèm sa a oserye paske se yon bagay ki afekte kliyan nou yo ak kominote nou an twò souvan."

Prezidan Chanm Komès Afriken Ameriken Long Island (Long Island African American Chamber of Commerce), Phil Andrews te deklare, "Fwod pa janm yon krim san viktim. Pri asirans oto ki wo yo afekte ekonomi an, sitou nan kominote nou yo isit la nan Long Island. Yo afibli mobilite ekonomik epi yo fè li pi difisil e pi chè pou opere yon biznis, delivre pwodwi, vwayaje pou ale travay, ale lekòl ak vizite fanmi. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li konbat opòtinis ak abi ki fè prim yo monte — epi paske li travay pou fè asirans oto pi abòdab pou moun Long Island ki travay di yo."

Prezidan Alyans Chanm Komès Konte Suffolk la, Bob Fonti, te deklare "Ogmantasyon pri asirans oto ap peze fanmi Long Island yo ak ti biznis yo, epi Gouvènè Hochul ap pran mezi enpòtan pou adrese sa. Pwopòzisyon li yo pou l kraze rezo k ap fè fo aksidan yo, modènize sistèm san fòt la, epi ogmante transparans nan sektè asirans lan se etap pratik ak ekilibre ki pral ede diminye depans tout pandan y ap pwoteje reklamasyon lejitim yo. Abòdablite esansyèl pou kwasans ekonomik, epi refòm sa yo rekonèt ke pri asirans yo pa sèlman yon pwoblèm konsomatè men yon pwoblèm biznis ak mendèv tou."

Prezidan New York Insurance Association, Inc. Cassandra Anderson, CAE, te deklare, "Asosyasyon Asirans Nouyòk la apresye Gouvènè Hochul ki adrese fwod, abi ak litij twòp pou fè asirans oto pi abòdab pou chofè Nouyòk yo. Pran yon pozisyon fèm kont fwod epi kontwole twòp litij esansyèl pou konbat ogmantasyon pri asirans oto. Nou kanpe bò kote konsomatè yo pou sipòte solisyon ki diminye fwod ak litij epi ki asire ke gen yon mache asirans ki estab e dirab. Nou apresye lidèchip Gouvènè a epi nou dakò ke aksyon nesèsè pou pwoteje Nouyòkè yo."

Michelle Rafeld, Direktè Egzekitif Kowalisyon Kont Fwòd Asirans lan, te deklare, "Lè fwod pa kontwole, konsomatè yo peye pri a atravè prim asirans ki pi wo. Plan Gouvènè Hochul la rekonèt ke aksidan prepare ak konplo fwod òganize fè fanmi ak biznis yo mal atravè Nouyòk. Kowalisyon Kont Fwòd Asirans lan gen lontan depi l ap sipòte ranfòsman pouwit jidisyè pou fo aksidan nan Nouyòk. Kowalisyon an bat bravo pou pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou pouswiv yon lejislasyon ki vize moun ki òganize aksidan. Se pa sèlman yon mezi antifwòd ki ekonomize lajan, men tou yon efò pou sove lavi moun ki pral pwoteje chofè onèt yo."

Direktè Egzekitif Lawsuit Reform Alliance of New York, Tom Stebbins, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan asire ke lwa responsablite sivil nou yo pa eksplwate pa move aktè. Lè yo konbat fwod ki ra anpil la, pwopozisyon li yo ap ede fè asirans lan pi abòdab epi wout nou yo pi an sekirite. Y ap asire tou ke aktè sofistike ki òkestre konplo sa yo ap parèt devan lajistis, epi non sèlman moun vilnerab yo ke yo rekrute kòm chofè. Fwòd ak abi nan pwosè se pa krim san viktim. Pandan lòt eta tankou Florid ak Jòjya aplike refòm responsablite sivil, konsomatè yo ap wè ekonomi reyèl. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li mete Nouyòkè yo an premye epi li pran mezi enpòtan pou pwoteje nou tout kont pri kache fwod la."

Vis Prezidan Depatman Asosyasyon Ameriken pou Asirans Pwopriyete ak Aksidan, Kristina Baldwin, te deklare, "APCIA felisite Gouvènè Hochul paske li te defann mezi pou konbat faktè ki kontwole depans ki afekte prim asirans oto nan Eta Nouyòk, tankou pwopozisyon pou konbat fwod asirans ki gaye toupatou ki afekte asirans oto nan Nouyòk, ansanm ak pwopozisyon pou ankouraje jistis nan pwosè aksidan oto. Rediksyon faktè sa yo ki lakòz depans ap ede diminye depans pou reklamasyon ak depans pou litij, ki se yon gwo kontribitè nan ogmantasyon prim asirans yo. Lè yo adrese pwoblèm sa yo, konsomatè yo ka benefisye pri asirans ki pi estab e abòdab; tout pandan y ap asire yo pwoteje yo kont fwod ak depans legal ki twòp. APCIA ap tann ak enpasyans pou l travay avèk Gouvènè a ansanm ak lejislati a sou pwoblèm enpòtan sa yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Kamyon Metwopoliten an, Patrick Hyland, te deklare, "Asosyasyon Kamyon Metwopoliten Nouyòk la kontan anpil pou l wè Gouvènè Hochul ap adrese pwoblèm enpòtan sa a. Pandan kèk dènye ane yo, manm nou yo te ap navige nan yon mache ak mwens konpayi asirans ak ogmantasyon tarif ki pa dirab. Nou remèsye Gouvènè a paske li te koute enkyetid nou yo epi nou sipliyè lejislati a pou l aplike refòm sa yo ki nesèsè anpil nan Bidjè Eta Nouyòk 2026 la."

Prezidan Asosyasyon Kamyon Nouyòk la, Kendra Hems, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt ke kriz abòdablite asirans lan pa yon pwoblèm abstrè, men yon menas reyèl pou travay, sekirite ak establite ekonomik. Lidèchip li nan adrese ogmantasyon depans asirans ak litij yo, ansanm ak fwod, reprezante etap enpòtan pou kenbe etajè magazen yo plen pwodwi, epi pou asire travayè nou yo rete nan travay yo."

Direktè Prensipal nan Biwo Estrateji, Politik, ak Afè Gouvènman pou Biwo Nasyonal Krim nan Asirans, Howard Handler, MPPA, deklare, "Fwòd asirans se pa yon krim san viktim. Pandan twò lontan, moun k ap fè fwod yo te pwofite sou konsomatè ak moun k ap kreye djòb nan Nouyòk — atravè aksidan mize ak lòt taktik — e enpak yo pa sèlman ogmante depans pou tout moun, men yo te mete lavi ak manm moun ki tonbe nan konplo sa yo an danje. Biwo Nasyonal Krim Asirans lan bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pou konbat reklamasyon fwod ak abi sistèm legal ki koute chè, epi li ankouraje lejislati Nouyòk yo pou yo pran mezi kounye a."

Prezidan Komite Lejislatif Distri Ponpye Nassau Suffolk la, Bill Theis, te deklare, "Nou sipòte pwopozisyon asirans abòdab Gouvènè a, distri ponpye yo ap fè fas ak defi k ap ogmante pou jwenn asirans akòz ogmantasyon pri ak mwens founisè asirans. Pwopozisyon sa yo ap asire distri ponpye yo ka kenbe yon pwoteksyon apwopriye pou machin nou yo, sa ki pèmèt nou pwoteje komite nou yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Volunteers of America-Greater New York, Dr. Jeffrey R. Ginsburg, te deklare, "Òganizasyon san bi likratif nan tout Nouyòk yo abitye fè plis ak mwens, men nou te wè pri asirans oto yo ogmante jiska 50 pousan nan dènye ane yo san yon ogmantasyon finansman ki koresponn ak sa. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan adrese pwoblèm abòdablite pou tout Nouyòkè yo

epi nan abòde kòz fondamantal ogmantasyon pri asirans oto yo dirèkteman. Pwopozisyon sa yo ap pèmèt òganizasyon san bi likratif tankou VOA-GNY konsantre resous nou yo sou misyon prensipal nou an: bay sèvis lojman, sante, ak devlopman mendèv pou Nouyòkè k ap viv nan povrete."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sèvis Transpò Suffolk la, John Corrado, te deklare, "Chak dola nou ka ekonomize sou asirans oto ka ede nou bay pi bon sèvis, ekonomize lajan pou kontribyab yo, epi sipòte chofè otobis nou yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li rekonèt ke Nouyòkè yo pa ta dwe oblije peye pi gwo pri asirans oto nan peyi a epi dèske li te gen kouraj pou l te mennen batay sa a."

Vis Prezidan Egzekitif ak Direktè Eksplowatasyon an Chèf Konsèy Biznis Westchester, John Ravitz, te deklare, "sipòte pwopozisyon Gouvènè a pou bese depans asirans yo, espesyalman nan sa ki konsène sere boulon sou fwod ak move aktè yo pou diminye tarif asirans machin yo; sa pral fèt nan bay Konsèy Prevansyon Vòl Machin ak Fwod nan Asirans Eta a yon nouvo souf, epi ba li pouvwa pou l double efò li pou l mennen ankèt serye epi pousuiv moun k ap fè fwod nan asirans nan tout eta a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Orange County Partnership, Conor Eckert, te deklare, "Pri asirans oto ki wo yo mete yon presyon sou bidjè kay yo epi ogmante pri pou fè biznis nan tout Nouyòk, epi efò pou diminye fwod ak ogmante transparans se etap enpòtan nan direksyon yon anviwònman ki pi abòdab ak konpetitif. Nou remèsye Gouvènè a pou atansyon li mete sou pwoblèm sa yo ak enpak yo sou biznis ak mendèv Nouyòk yo."

Direktè Egzekitif Òganizasyon San Bi Likratif Westchester, Jan Fisher, te deklare "Nou apresye angajman Gouvènè a pou l atake pwoblèm lavi chè a, ansanm ak pwogram li an ki vize rezoud chay finansye Nouyòkè yo pa ka sipòte ankò. Li ap pran mezi enpòtan pou diminye pwoblèm finansye yo."

Direktè LI Main Street Alliance ak Vision Long Island, Eric Alexander, te deklare, "Pri asirans oto ki wo pou rezidan yo ak pwopriyetè biznis yo te parèt plizyè fwa kòm yon pwoblèm pandan n ap eseye kontwòle depans yo. Bravo pou Gouvènè Hochul paske li te prezante yon pwopozisyon pou diminye depans sa yo ki twòp pou ede yo rive nan nivo lòt eta yo."

Institutes of Applied Human Dynamics, Inc. PDG (IAHD), Omayra Andino te deklare, "Pandan Gouvènè Kathy Hochul ap mete aksan sou nesèsite pou diminye pri asirans oto, li enpòtan pou rekonèt kijan ogmantasyon depans yo afekte òganizasyon san bi likratif tankou IAHD ak anplwaye esansyèl ki sipòte moun ki gen andikap devlopmantral yo. Chak depans ki pa nesèsè afebli kapasite nou pou n bay bon jan sèvis, epi sa pouse mendèv nou an, ki deja ap touche yon salè ki twò piti pou gwo responsablite yo genyen an, pi pre pou yo chwazi ant bezwen fondamantal yo, tankou manje ak peye bòdwo. Nou akeyi tout efò k ap fèt pou rann lavi a pi abòdab nan Nouyòk, epi n ap mande pou yo kontinye pote atansyon sou gwo presyon finansye

òganizasyon sèvis sosyal yo ak pwofesyonèl k ap travay sou teren yo ap sibi, paske se yo menm ki kenbe kominote nou yo djanm."

Evèk Orlando Findlayter, ki se Pastè Prensipal nan New Hope Christian Fellowship epi ki se yon Aktivis Kominotè, te deklare, "Nan yon moman kote depans chak jou yo ap monte, konsantrasyon Gouvènè Hochul sou rediksyon prim asirans oto montre yon vrè lidèchip. Rann asirans lan pi abòdab se yon etap nesèsè pou soulaje fanmi Nouyòk yo ekonomikman."

Pastè Louis Straker, Jr., ki se Prezidan Konsèy Administrasyon 67yèm Konsèy Klèje Distri a (67th Precinct Clergy Council, Inc), ke yo rele tou "The GodSquad", te deklare, "Antanke pastè prensipal ak lidè kominotè nan Brooklyn, mwen wè dirèkteman chay ogmantasyon depans yo ak presyon li mete sou fanmi k ap travay yo. Nan 67yèm Konsèy Klèje Distri a, ke yo rele tou "The GodSquad", nou konprann ke abòdablite se yon pwoblèm sekirite piblik tou. Se poutèt sa nou bat bravo pou pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou bese pri asirans oto yo lè nou konbat fwod epi retabli jistis nan sistèm nan, pou asire li fonksyone pou moun epi non pa pou predatè yo. Sa a se kalite lidèchip pratik kominote nou yo bezwen — yon lidèchip ki mete konsomatè yo an premye epi ki soulaje presyon finansye sou Nouyòkè k ap travay di ki deja ap fè fas ak yon gwo pri lavi."

Konsèy Raben Nouyòk la, Raben Joe Potasnik, te deklare, "Konsèy Raben Nouyòk la sipòte pwopozisyon Gouvènè a pou kontwòle pri asirans oto yo avèk anpil antouzyas. Chak jou, Nouyòkè yo bezwen solisyon abòdab, e pwopozisyon sa a bay sa san sakrifye sekirite oswa sipò pou viktim yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Sivik Latino Long Beach la, Helen Dorado Alessi, te deklare, "Pri ki wo nan reklamasyon fo yo se yon chay enjis pou tout moun. Nou sipòte lidèchip Gouvènè a nan diminye fwod epi fè moun ki responsab yo rann kont pou ede bese pri asirans pou Nouyòkè òdinè yo. Adrese depans sistemik sa yo se yon etap nesèsè pou asire yon pwoteksyon jis e aksesib pou tout rezidan yo. Avèk pri lavi a k ap monte a k ap vin tounen yon gwo fado, fanmi nan Long Island yo patikilyèman vilnerab. Pliske machin ak kamyon rete mwayen transpò ki pi fyab pou kominote nou an, diminye depans asirans sa yo esansyèl pou estabilite ekonomik lokal la."

James Norton, MCJ, Manadjè Zafè Gouvènman ak Kominotè nan Alyans Nasyonal sou Sante Mantal Eta Nouyòk (National Alliance on Mental Illness NYS, NAMI-NYS), te deklare, "Kit se yon moun k ap vwayaje pou yon randevou pou pasyan ekstèn, yon klinisyen k ap ale travay, oswa yon manm fanmi k ap vizite yon moun li renmen, transpò rete yon gwo baryè pou moun k ap viv ak pwoblèm sante mantal ak pwoblèm abi sibstans yo. Defi sa a patikilyèman grav nan kominote riral yo, kote aksè ak sèvis espesyalize souvan mande pou vwayaje nan long distans. Lejislasyon yo pwopoze a adrese yon twou vid ki egziste deja tout pandan l ap prezève dwa moun ki pa responsab pou yo chèche sipò apwopriye. Lè pwopozisyon sa a ede diminye depans transpò pou Nouyòkè yo, li gen potansyèl pou retire yon baryè enpòtan nan aksè ak swen epi ranfòse chemen pou tretman ak rekiperasyon."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Reparasyon Karoseri Machin nan Long Island (Long Island Auto Body Repairmen's Association Executive), Ed Kizenberger, te deklare "Nou pataje angajman san fay Gouvènè a anvè piblik konsomatè a epi nou sipòte efò li yo pou pwoteje konsomatè a nan tout fason posib."

Prezidan Asosyasyon Kontraktè Otobis Lekòl Nouyòk (New York School Bus Contractors Association, NYSBCA), Paul Quinn Mori, te deklare, "Transpò elèv yo se pa yon liks; se yon sèvis piblik esansyèl. Nouyòk transpòte plis timoun lekòl pase nenpòt lòt eta nan peyi a, e antanke founisè nan sistèm sa a, nou fyè pou nou kontribye nan misyon sa a avèk yon dosye sekirite san parèy ak yon angajman san fay anvè ekselans. Chofè otobis lekòl NYS yo resevwa fòmasyon rigoure, yo sibi tès apwofondi, epi yo sibi pi wo estanda pwofesyonèl pou asire sekirite chak timoun ki anba swen nou an. Refòm ki gen bon sans Gouvènè a yo pral ede limite aksyon move aktè yo ki ogmante pri asirans oto yo epi ki transfere chay finansye a enjisteman sou do Nouyòkè ki travay di yo. Paske transpò lekòl la finanse an majorite pati ak lajan kontribyab yo, ogmantasyon nan depans fonksyonman yo, sitou prim asirans oto yo, gen yon enpak dirèk ak imedyà sou kontribyab yo."

Vis Prezidan Egzekitif Konpayi Logan Bus la, Corey Muirhead, te deklare, "Pandan plizyè ane, finansman litij predatè ak depans asirans ki pa anba kontwòl te pouse konpayi transpò yo deyò nan mache transpò lekòl la. Lè konpayi asirans yo refize ekri kontra asirans pou operatè otobis lekòl yo, sa pa sèlman fè biznis yo mal — li menase kapasite nou pou nou transpòte timoun yo lekòl ak pou yo soti lekòl an sekirite. Si trajektwa sa a kontinye, distri lekòl yo atravè Nouyòk yo pral fè fas ak pi gwo depans, mwens founisè, ak gwo entèripsyon nan sèvis yo. Nou felisite Gouvènè a paske li rekonèt ke estabilizasyon mache asirans lan esansyèl pou pwoteje elèv yo, sipòte operatè lokal yo, epi asire fanmi yo ka konte sou transpò ki an sekirite e ki fyab chak jou."

Prezidan Chanm Komès Amherst la, A.J. Baynes, te deklare, "Chanm Komès Amherst la sipòte fòtman efò Gouvènè Hochul pou refòme endistri asirans oto yo, paske sa reprezante yon etap enpòtan pou rann pwoteksyon an pi abòdab pou tout Nouyòkè yo. Pri asirans oto nan Nouyòk rete pami sa ki pi wo nan peyi a, an majorite pati akòz fwod san kontwòl ak sistèm demode ki mete yon chay sou do chofè onèt yo ak anplwayè yo san distenksyon. Lè yo kraze konplo fwod tankou aksidan yo planifye ak fo reklamasyon medikal, epi lè yo itilize teknoloji pou rekonpanse chofè ki pridan yo, chanjman sa yo pral elimine gwo depans ke move aktè yo enpoze sou chofè ak biznis onèt yo. Prim asirans oto ki pi ba yo pral soulaje chay finansye sou fanmi yo ak ti anplwayè yo, sa ki pèmèt plis resous ale nan direksyon kwasans, anbochaj ak envestisman nan kominote a olye tarif ki ogmante. Antanke Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, mwen felisite apwòch bon sans Gouvènè Hochul la pou bay konsomatè yo priyorite pase moun k ap fè fwod epi pou asire ke Nouyòkè responsab yo kenbe plis lajan nan pòch yo."

Pwopriyetè TACS Auto Body & Service, Matt Ungerer, te deklare, "Antanke pwopriyetè yon ti atelye reparasyon ak kawosri veyikil, yon biznis familyal, mwen souvan wè fwod asirans dirèkteman e pri reklamasyon fwod sa yo gen enpak sou tout moun. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te antreprann batay la pou konbat aksidan ki te fèt san plan epi paske li asire ke konpayi asirans yo ap transfere nenpòt ekonomi nan pòch kontribyab yo. Pwopozisyon sa a vle di plis nan vwazen nou yo kapab peye pou kenbe machin yo an sekirite, rete sou wout la epi kontinye retounen nan yon biznis lokal yo fè konfyans."

Prezidan Chanm Komès Greater Suffern nan, Shaimi Jacob, te deklare, "Ogmantasyon prim asirans oto yo ap mete yon gwo presyon sou fanmi k ap travay yo ak ti biznis yo atravè Nouyòk. Chofè onèt pa ta dwe oblije peye plis poutèt reklamasyon ki fo ak aksidan planifye Mwen sipòte efò Gouvènè a pou konbat fwod epi adrese faktè ki lakòz depans k ap ogmante prim yo, pou ede fè asirans lan pi abòdab pou Nouyòkè yo."

Prezidan Òganizasyon Travayè ak Kominotè Ameriken dorijin Azyatik (Asian American Labor and Community Organization, AALCO), Radhakrishna Mohan, te deklare, "Pou anpil fanmi Ameriken dorijin Azyatik ak manm sendika, ogmantasyon prim asirans oto yo pa sèlman yon chif sou yon bòdwo. Yo se yon lòt presyon sou bidjè kay yo ki deja sere. Kominote nou yo konte sou transpò fyab pou ale travay, sipòte ti biznis yo, epi pran swen fanmi milti-jenerasyonèl yo. Lè fwod ogmante depans yo, se moun k ap travay yo ki peye pri a. Nou sipòte aksyon solid pou kraze reklamasyon fwod yo epi pote yon soulajman siyifikatif pou Nouyòkè k ap travay di yo."

Direktè Egzekitif Korean American Family Service Center, Jeehae Fischer, te deklare, "Nan Korean American Family Service Center (Sant Sèvis Fanmi Ameriken dorijin Koreyen an, KAFSC), nou travay chak jou ak imigran Nouyòkè k ap fè tout bagay byen—k ap travay di, pran swen fanmi yo, epi tou senpleman eseye ale nan travay, lekòl, ak randevou medikal. Lè prim asirans oto yo monte, li frape kominote nou yo an premye epi pi rès. Se poutèt sa KAFSC sipòte refòm ekilibre Gouvènè Hochul yo pou konbat fwod òganize ak aksidan ki fèt an miyèt moso, ranfòse responsablite, epi pote yon soulajman enpòtan pou chofè responsab yo—tout pandan y ap pwoteje moun ki blese yo yon fason lejitim. Nouyòkè yo merite yon sistèm ki rekonpanse onètete, ki pèmèt fanmi yo avanse, epi ki fè eta nou an pi abòdab pou tout moun."

Direktè Egzekitif One Hundred Black Men, Erik Cliette, te deklare, "Yo pa ta dwe pini bon chofè yo poutèt move abitud kondwi kèk lòt moun genyen. Mwen te fèk viktim nan yon aksidan kote lòt chofè a sove (Hit and Run), e mwen sèten sa pral rann depans mwen yo ogmante, alòske an reyalyte se mwen ki te viktim nan; se pa nòmal! Mwen sipòte lejislasyon rediksyon asirans machin Gouvènè Hochul la."

Direktè Egzekitif Bronx River Alliance, Siddhartha Sanchez, te deklare, "Pandan ke Bronx River Alliance ap defann aktivman investisman nan kapasite pou monte bisiklèt ak mache apye nan Bronx la kòm awondisman ki gen mwens machin, nou sipòte tou

pwopozisyon Gouvènè a pou diminye pri asirans oto pou rezidan ki gen ti revni nan Bronx la."

Vis Prezidan Sosyete Ofisye Lapolis Ameriken dorijin Azyatik (Asian Jade Society) nan Konte Suffolk, Thomas Joy, te deklare, "Nouyòkè yo ap peye kèk nan pi gwo prim asirans oto nan peyi a, epi fanmi ki travay di yo ap santi presyon an. Pwopozisyon Gouvènè Hochul yo adopte yon apwòch ekilibre ak bon sans pou konbat fwod òganize, ogmante responsablite, epi pote plis transparans nan sistèm nan. Refòm sa yo pral ede pwoteje chofè responsab yo epi asire ke ekonomi yo ale jwenn konsomatè yo — yo pa absòbe yo yon lòt kote. Nou sipòte fòtman efò pou fè asirans oto pi abòdab e pi jis pou tout Nouyòkè yo."

Prezidan Asosyasyon Blòk Sivik Lincoln lan, Ken Marable, te deklare, "Move aktè ki eksplwate sistèm nan dwe rann kont epi yo dwe reprimande yo. An menm tan, Nouyòkè k ap kondui chak jou yo—moun ki konte sou machin yo pou travay, fanmi, ak lavi esansyèl chak jou—pa ta dwe janm oblije nan pozisyon enposib pou chwazi ant mete manje sou tab yo ak peye asirans machin oswa bòdwo medikal."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)